

Règ Kouvèti Asirans kont Inondasyon Antre anvigè pou Citizens yo



Kouvèti asirans kont inondasyon obligatwa kounye a apati 1 avril 2023, pou nouvo kontra asirans rezidansyèl pèsònèl Citizens, ki gen ladann kouvèti asirans kont van pou pwopriyete ki kouvri ki andedan zòn espesyal risk inondasyon an. Egzijans pou genyen epi kenbe kouvèti kont inondasyon pou kontra asirans rezidansyèl liy pèsònèl yo pral mete an plas yon fason pwogresif pou tout moun asire sa yo pandan kat pwochen ane yo nan kad yon plan Lejislati Florid la te apwouve an Desanm.

Egzijans asirans kont inondasyon yo fè pati yon pakè refòm global ki gen kòm objektif estabilize yon mache asirans pwopriyete nan Florid ki te souke ak gwo frè pwochè epi prim ki te monte tèt nèg pandan plizyè ane ki sot pase yo.

Egzijans asirans kont inondasyon yo aplike sèlman pou moun asire Citizens ki gen yon kontra asirans rezidansyèl Liy Pèsònèl. Byenke ajan ou an ap nan meyè pozisyon pou gide ou toutolon pwosesis la, men yon apèsi rapid.

Nouvo moun asire rezidansyèl liy pèsònèl k ap chèche kouvèti Citizens, sa gen ladan kouvèti pou danje van, nan zòn Ajans Federal Jesyon Ijans lan (Federal Emergency Management Agency, FEMA) deziyen kòm Zòn Espesyal Risk Inondasyon, apati 1 avril 2023, moun yo oblije kounye a gen kouvèti asirans kont inondasyon pou yo kalifye pou yon kontra asirans Citizens. Moun asire nan Citizens ki egziste deja yo ki nan zòn FEMA deziyen kòm zòn ak risk pou inondasyon ki gen kouvèti asirans kont van nan kontra asirans yo pral oblije gen asirans kont inondasyon

pou renouvle kontra asirans Citizens yo a apati 1 jiyè 2023 oswa apre dat sa.

Pou tout lòt kontra asirans rezidansyèl liy pèsònèl Citizens yo ki gen kouvèti kont van nan yo, yo pral mete egzijans asirans kont inondasyon an yon fason pwogresif pou nouvo moun asire ak pou renouvèlman yo sou pwochen peryòd katran an nan fason konsa:

- 1 Janvyè 2024, pou kontra asirans pwopriyete ki vo \$600,000 oswa plis
- 1 Janvyè 2025, pou kontra asirans pwopriyete ki vo \$500,000 oswa plis
- 1 Janvyè 2026, pou kontra asirans pwopriyete ki vo \$400,000 oswa plis
- 1 Janvyè 2027, pou tout lòt kontra asirans yo

Citizens pa bay asirans kont inondasyon, epi yo pa bay kouvèti kont inondasyon nan kad kontra asirans estanda plizyè risk yo. Egzije kouvèti kont inondasyon pwoteje w pi byen kont reparasyon avèk lajan ki sot nan pòch ou ki kapab koute chè. Ipotèk ki gen garanti onivo federal yo an jeneral egzije asirans kont inondasyon pou pwopriyete ki sitiye andedan zòn inondasyon yo.

An 2022, apeprè 18% pwopriyete kay nan Florid te gen asirans kont inondasyon. Moun ki abite nan zòn lakòt yo gen plis tandans toutbon pou yo genyen l, epi plis pase 50% nan moun asire yo gen asirans kont inondasyon nan konte zòn lakòt ki frape pi rèd yo ki te afekte ak Siklòn lan an septanm 2022.

Si ou pa vle achte asirans kont inondasyon, ou p ap kalifye pou yon kontra asirans rezidansyèl liy pèsònèl avèk Citizens. Kontakte ajan ou an pou pale sou opsyon ki gendwa disponib nan mache asirans prive a. Kontra asirans prive ki ka ofri kouvèti ki pi konplè kounye a ta ka gen pri konparab. Sonje byen, moun asire Citizens yo kapab sibi yon posiblite evalyasyon jiska 45% prim yo a apre yon tanpèt majè oswa yon seri tanpèt.

Refòm Lejislatif yo Pote Anpil Chanjman pou Citizens



Nan mwa Desanm 2022 Lejislati Florid la te adopte yon pakè refòm istorik ki vize estabilizasyon mache asirans pwopriyete Florid la epi rebay Citizens wòl li kòm dènye chwa konpayi asirans nan Florid.

Nan tout endistri a, lejislasyon an pral diminye pwosè yo lè li retire lwa sou frè avoka Florid sans inik la epi elimine kontra transfè benefis yo (Assignment Of Benefits, AOB) pou reklamasyon asirans pwopriyete yo, avèk eksepsyon limite. Pwosè ak abi AOB yo te site kòm kòz prensipal ogmantasyon prim yo.

Lejisasyon an ta dwe apre yon sèten tan pote tarif Citizens yo nan liy ki pi pre pa konpayi asirans mache prive yo.

Pi prezizeman, nouvo lwa a:

- Konsève limit siperyè legal la (plan desant lan) sou ogmantasyon tarif anyèl yo pou kliyan liy pèsònèl Citizens ki gen kontra asirans yo a ki bay kouvèti asirans pou rezidans prensipal yo (kay prensipal moun asire a oswa kay prensipal lokatè a, epi ke moun asire a oswa lokatè a okipe pandan omwen nèf mwa chak ane)
- Ppou aplikasyon pou depopilasyon konpayi asirans yo soumèt nan Biwo Reglemantasyon Asirans yo apati 1 janvyè 2023 oswa apre dat sa,

yon moun asire Citizens pa kalifye pou kouvèti Citizens si li resevwa yon òf depopilasyon ki twouve l nan 20% estimasyon prim renouvèlman Citizens lan pou yon kouvèti konparab. Pou kontra asirans ki gen pou renouvle nan 1 avril 2023 oswa apre dat sa, kontra asirans lan p ap kalifye pou renouvèlman avèk Citizens si yo fè yon òf prive ki twouve l nan 20% prim renouvèlman Citizens lan pou yon kouvèti konparab.

- Prewa tarif Citizens yo dwe sou yon bon baz aktyaryèl epi yo pa konpetitif avèk tarif apwouve yo chaje sou mache volontè ki admèt la
- Egzije pou moun asire rezidansyèl pèsònèl Citizens yo ki gen kontra asirans yo a ki gen kouvèti kont van genyen asirans kont inondasyon pou yo ka kalifye pou yon kontra asirans Citizens. Dispozisyon sa a pral mete an plas yon fason pwogresif sou pwochen peryòd katran yo (Gade nan atik akonpayman an).
- Bay Citizens otorite pou konbine twa kont li yo nan yon sèl nouvo kont.

Yon Nouvo Chapit Kòmanse nan Citizens avèk Chanjman Alatè yo



Nan mwa Janvyè, Konsèy Gouvènè Citizens yo te nonmen alinanimite Avoka Jeneral ak Direktè Jiridik Tim Cerio pou dirije Citizens pandan Konsèy Administrasyon an t ap di adye ak Prezidan/CEO ak Direktè Egzekitif Barry Gilway, ki pran retrèt li apre plis pase 10 ane lidèchip.

Carlos Beruff, Prezidan Konsèy Citizens lan di: "Tim pote konesans enstitisyonèl ak yon eksperyans solid nan lidèchip ak sèvis pou tout moun Florid yo". "M ap dòmi ak tèt poze paske m konnen Citizens yo nan men moun serye."

Anvan li te antre nan Citizens kòm Direktè Jiridik, Cerio te gen plis pase 25 ane eksperyans nan pratike dwa ak

nan konseye kliyan ki opere nan sektè reglemante ki wo yo ak nan pi gwo nivo gouvènman Eta a. Li sèvi nan Komisyon Nominasyon Jidisyè Lakou Siprèm Florid la epi li se yon manm Konsèy Gouvènè Sistèm Inivèsite Eta Florid la. Cerio fè pati konsèy James Madison Institute tou epi li te sèvi anvan sa nan Komisyon Revizyon Konstitisyon Florid 2017-2018 la.

Cerio di: "Pandan deseni ki sot pase a, anba lidèchip Barry Gilway, Citizens te vin yon lidè nan endistri a sou tèmman anpil plan. Mwen kontan anpil e se yon onè pou mwen pou m kontinye eritaj sa a pandan n ap atake nouvo defi yo epi n ap travay pou estabilize mache asirans pwopriyete yo nan Florid."

Pandan li atann li ak yon tranzisyon san pwoblèm, Beruff te di li enpòtan pou gen yon lidè pèmanan an plas anvan sesyon lejislatif 2023 ki te kòmanse 7 mas la.

Pran Swen Ankonbreman an. Resevwa dokiman san papyè nan men Citizens!



Ou fatige ak kourye lapòs? Èske sa lakòz yon ti dezòd?

Oswa petèt ou deja okipe pifò nan dokiman ou yo ak bezwen bòdwo ou yo sou entènèt, men ou poko fè chanjman an pou papyè asirans pwopriyete w?

Si w nan sitiyasyon sa, netwaye dezòd la jodi a menm epi *resevwa dokiman san papyè nan men Citizens*, tout sa nan kèk etap byen fasil. Lè w enskri pou livrezon san papyè, y ap fè w konnen sa pa imèl chak fwa gen yon nouvo dokiman ki disponib epi ou ka monte sou kontra asirans ou an sekirite ak sou dokiman bòdwo w yo sou fòm elektwonik anpasan pa [myPolicy](#), ki se zouti sèvis lib sou Entènèt Citizens pou moun asire yo ki adapte ak aparèy mobil.

Annik [konekte](#) nan myPolicy epi chwazi nenpòt nan lyen **Go Paperless!** yo (resevwa dokiman san papyè) sou paj dakèy myPolicy an, ki anba, anwo ak adwat paj la. N ap fè w konnen karakteristik sa a disponib sèlman pou moun asire liy pèsònèl yo epi yo pral voye toujou kèk dokiman enpòtan ba ou nan kourye anplis w ap resevwa yo elektwonikman.

Ou Pa Enskri Toujou pou myPolicy?

Si ou poko enskri pou yon kont myPolicy, livrezon san papyè se jis sa ki pi resan an nan anpil karakteristik yo ki disponib nan zouti sou entènèt la. Nan myPolicy, moun asire yo kapab soumèt tou yon reklamasyon, wè enfòmasyon sou reklamasyon yo (anplis de kontra asirans ou ak dokiman bòdwo w yo) epi fè peman nan sèten kondisyon.


[Enskri nan myPolicy](#) se bagay ki fasil. Ou pral jis bezwen:

- Nimewo kontra asirans
- Pwopriyete/Zipkòd Prensipal
- Imèl ki anrejistre avèk Citizens*

*Imèl ou antre nan enskripsyon an dwe koresponn ak imèl ki nan dosye avèk Citizens. Citizens pral voye yon imèl konfimasyon pou fini pwosesis enskripsyon an. Pou mete imèl ou ajou nan Citizens, ou ka kontakte ajan w lan oswa rele Sèvis Kliyan Citizens nan 866.411.2742.

Vizite [paj myPolicy](#) an sou sitwèb Citizens an pou jwenn plis enfòmasyon.





Egzijans Asirans kont Inondasyon Citizens

Andedan Zòn Danje Inondasyon:

Pwopriyete ki asire avèk kouvèti kont van andedan Zòn Espesyal Danje Inondasyon an (jan Pwogram Nasyon Asirans kont Inondasyon an (National Flood Insurance Program, NFIP)) defini li dwe kenbe yon kontra asirans kont inondasyon.

Anvigè 4/1/23 pou Nouvo Biznis
Anvigè 7/1/23 pou Biznis Renouvèlman

Deyò Zòn Danje Inondasyon:

Pwopriyete ki asire avèk kouvèti kont van ki sitiye deyò Zòn Espesyal Danje Inondasyon an dwe kenbe yon kontra asirans kont inondasyon.

Anvigè 1/1/24: Pwopriyete ki vo \$600,000 oswa plis
Anvigè 1/1/25: Pwopriyete ki vo \$500,000 oswa plis
Anvigè 1/1/26: Pwopriyete ki vo \$400,000 oswa plis
Anvigè 1/1/27: Tout pwopriyete yo kèlkeswa valè yo

Egzijans Kouvèti pou Inondasyon

Kontra asirans Pwopriyete Lojman ak Kondominyòm: Egal ak oswa plis pase limit Kouvèti A ak C separe Citizens Kontra asirans Efè Pèsonèl Lokatè: Egal ak oswa plis pase limit Kouvèti C Citizens an

Si limit yo ki anwo la a pa disponib nan NFIP a, Citizens an pral aksepte montan kouvèti maksimòm moun asire a kalifye pou li a.

Limit maksimòm NFIP:
Pwogram regilye: \$250,000 Kouvèti A, \$100,000 Kouvèti C
Pwogram dijans: \$35,000 Kouvèti A, \$10,000 Kouvèti C



myPolicy

Rapòte reklamasyon, gade reklamasyon ak eta kontra asirans, epi fè pèman 24/7/365



Rele Citizens First nan

866.411.2742

Rapòte yon reklamasyon 24/7/365 oswa W ap jwenn enfòmasyon byen presi soukontra asirans nan jou lasemèn yo ant 8 a.m. ak 5:30 p.m. ET

[Dezabòn](#)